



Fason pou evite pòsyon ki pou ou nan yon ranbousman taks sou revni nou deklare ansanm sèvi pou kouvri dèt task mari/madanm ou

Si n ap deklare taks sou revni ansanm epi mari/madanm ou dwe peye Depatman Taks oswa yon lòt ajans Eta New York, ou ka resevwa yon ranbousman taks kanmenm.

Pou mande pati pa w nan ranbousman an, ranpli Form IT-280, *Nonobligated Spouse Allocation* (Fòm IT-280, Alokasyon ki pa kouvri obligasyon patnè) (ki disponib ann anglè sèlman), epi soumèt li ansanm ak **orijinal** deklarasyon taks ou (li pa dwe yon deklarasyon modifye).

Ou pa ka itilize Fòm IT-280 pou di ou pa responsab yon dèt IRS lalwa kapab fè respekte, ni pou di ou pa responsab yon taks ki dwe nan yon lòt eta. Ou dwe kontakte IRS oswa lòt eta a pou jwenn yon solisyon pou responsablite yo di w genyen an.

Pou jwenn plis enfòmasyon

Gade Form 8379, *Injured Spouse Allocation* (Fòm federal 8379 Alokasyon Mari/Madanm enterè yo leze).